

DESANM 2016 - RE EMPRIME SEPTANM 2018

Lèt louvri pou Imigran New York yo

Ou pa bezwen pè pou ale nan klinik doktè, nan klinik, nan lopital oswa nan saldjans. Tout imigran yo kapab resevwa swen medikal nan Vil New York, kèlkeswa kondisyon imigrasyon ou oswa mwayen ou pou peye. Nou vle ou chèche swen sante nan nenpòt anviwònman san ou pa pè anyen.

NYC Health + Hospitals alatèt lopital piblik yo ak sant sante katye yo nan Vil New York. Nou respekte ou epi nou vle ede ou resevwa swen sante ou merite a. Lè ou ale nan sant swen sante nou yo, nou pa mande ou enfòmasyon sou kondisyon imigrasyon ou, epi nou pa janm bay enfòmasyon pasyan yo san otorizasyon pasyan an oswa san nou pa gen obligasyon pou yo fè sa dapre lalwa. Ekip nou an ap kenbe enfòmasyon ou yo prive ak konfidansyèl. Sant sante nou yo ak lopital nou yo gen yon istwa long ak fyè nan ofri swen sante pou tout moun. Angajman nou fò. Li pap chanje.

Men sa nou pwomèt tout imigran yo:

VIL NEW YORK GEN YON RÈGLEMEN POU PWOTEJE ENFÒMASYON KONDISYON IMIGRASYON OU AK LÒT ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL OU.

NYC HEALTH + HOSPITALS AP RESPEKTE DWA OU POU ENFÒMASYON PRIVE.

Lopital piblik ak sant sante NYC Health + Hospitals gen adrès yo nan katye ki tout kote nan Vil New York epitou yo bay sèvis yo nan diferan lang. Nou bay sèvis entèpretasyon gratis nan 200 lang, 24 sou 24, 7 jou sou 7, epitou nou ofri materyèl edikasyon tradui pou pasyan yo nan 13 lang prensipal pasyan nou yo pito. Doktè nou yo, enfimiyè nou yo, ak lòt travayè swen sante nou yo enterese a ou. Anpil ladan yo se imigran oswa pitit imigran. Yo tout vle sèvi ou avèk respè, epitou y ap travay pou pwoteje enfòmasyon prive ou.

KONTINYE ►

Gen anpil chwa diferan ki disponib pou ede ou resevwa swen sante ou bezwen. Tout timoun ak fanm ansent yo kapab jwenn asirans sante -- menmsi ou pa legal nan peyi a. Ekip NYC Health + Hospitals kapab ede ou jwenn asirans ou bezwen an. NYC Health + Hospitals ap ede ou menmsi ou pa gen asirans epitou ou pa kapab peye anpil lajan pou swen sante ou. Sa vrè tout kalite sèvis swen sante, tankou swen sante pou ijans, vizit nan klinik nan doktè, medikaman, swen sante pou anpil tan, ak tan ou pase nan lopital. Pou ede ou konnen ki kantite lajan ou kapab peye, ekip nou an ap mande ou kèk enfòmasyon sou kantite lajan ou touche ak kantite moun ki nan fanmi ou. W ap bezwen montre adrès kay ou, kèk prèv idantite, ak dat ou fèt. Nou vle ou resevwa swen sante ou bezwen jodi a, anvan ou malad, epi anvan maladi ou vin yon ijans.


NYC Health + Hospitals asosye tou avèk IDNYC, kat idantifikasyon minisipal disponib pou tout moun ki se yon fòm idantifikasyon yo aksepte pou pasyan yo, epitou ou kapab itilize li pandan pwosesis enskripsyon ou ak anrejistreman ou.

Règleman nou klè, anplwaye NYC Health + Hospitals pa kapab bay enfòmasyon ou yo ba OKENN lòt moun san otorizasyon pasyan an oswa san yo pa gen obligasyon pou yo fè sa dapre lalwa. Tout anplwaye nou yo konnen si yo vyole pwomès sa a yo kapab pèdi djòb yo. Nou rekonèt sa a se sèlman fason nou kapab kenbe konfyans ou.

Answit, lòt sèvis Minisipalite Vil la disponib pou ou, tankou manje, edikasyon, sèvis legal, sekirite piblik, ak plis. Nou ankouraje imigran New York yo pou yo chèche konnen sèvis enpòtan Minisipalite Vil la ki disponib pou yo ak fanmi yo.

Rele 311 pou jwenn yon lis lopital ak sant sante piblik, pou jwenn plis enfòmasyon sou lòt resous tankou IDNYC, oswa pou voye mesaj ba NYC Health + Hospitals oswa Biwo Afè Imigran Majistra a (Mayor's Office of Immigrant Affairs).

Misyon nou se pou bay chak moun New York - san eksepsyon - dwa pou yo viv lavi yo pi an bèn sante otank posib.



DR. MITCHELL KATZ

Prezidan ak Chèf Ofisye Egzekitif
NYC Health + Hospitals



BITTA MOSTOFI

Manm Komisyon
Biwo Majistra pou Afè Imigran



#NYCHealth4All

www.nychealthandhospitals.org